

# KOMITE LEKÒL VIL BOSTON AN



## MEMORANDÒM

**A:** Komite Boston School (Boston School Committee)

**CC:** Brenda Cassellius, Sirentandan  
Monica Roberts, Chèf avansman elèv yo, Fanmi yo & kominote a

**DE:** Alex Oliver-Dávila, Prezidan Komite Boston School

**SIJÈ:** Frè ak adezyon ki pwopoze pa Gwoup Travay sou Admisyon nan Lekòl Egzamen yo

**DAT:** 13 Janvye 2021

---

Nan Oktòb 2020, Komite Boston School apwouve Kritè Admisyon Nan Lekòl Egzamen Yo pou SY 2021-22, egalman yon rezolisyon k'ap soutni rekòmandasyon adisyonèl ki fòmile pa Gwoup Travay Sou Admisyon Nan Lekòl Egzamen Sirentandan. Pami rekòmandasyon sa yo, te figure kreyasyon yon Gwoup Travay Komite Lekòl la ki responsab pou pouswiv travay ki kòmanse pa gwoup travay la ak pou konseye sou divès efò pèmanan ki vize elaji basen kandida pou lekòl egzamen yo ak pou defini kritè admisyon nan lekòl egzamen yo pou ane alavni yo. Antan ke Gwoup Travay Komite Lekòl la, gwoup sa pral soumèt li ak MA Open Meeting Laws (Lwa Sou Reyinyon Ouvri MA yo), ki garanti transparans epi ki ofri posibilite angajman ak kontribisyon kominotè pandan tout pwosesis la.

Nan reyinyon 13 Janvye nou an, mwen ap prezante ofisyèlman nan egzamen Komite a konpozisyon ak responsabilite Gwoup Travay la sou Admisyon Lekòl Egzamen yo. 13 manm ki pwopoze yo reprezante yon ansanm laj ak divèsifye sikonskripsyon ki soti nan tout Vil la ki reflekte fòs Boston. Mwen rekonesan anvè tout manm Gwoup Travay sou Admisyon Lekòl Egzamen Sirentandan ki te dakò pouswiv travay esansyèl sa alòske Gwoup Travay la elve nan nivo Fòs Travay la. Konfòmman ak rekòmandasyon manm Komite dènye lotòn yo te fòmile yo, konpozisyon pwopoze a genyen yon reprezantasyon adisyonèl paran ak elèv yo, egalman yon chèchè akademik. Jan objektif nou toujou ye, konpozisyon ki pwopoze a reflekte angajman Komite a an favè divèsite rasyal, etnik ak sèks. Lis konplè manm ki rekòmande yo pou Gwoup Entèvansyon an, ki genyen ladan l brèf byografi, ki enkli anba.

**Manm Gwoup Entèkansyon Sou Admisyon Lekòl Egzamen Boston School Committee:**

**Koprezidan, Michael Contompasis, Ansyen Direktè Lekòl Boston Latin School ak Ansyen Sirentandan BPS**

Michael G. Contompasis te kòmanse yon karyè distenge, plis pase 50 ane nan edikasyon nan ane 1966 antan ke pwofesè byoloji nan East Boston High School. Li te konn anseye tou byoloji ak chimi alafwa nan alma matè Boston Latin School (BLS). M. Contompasis te vin aprè sa direktè lekòl BLS soti nan ane 1976 rive 1998, peryòd kote li te ranpòte prim prestijye Milken Educator Award. Soti nan ane 1996 rive 1998, M. Contompasis te egalman chèf gwoup pou Boston Public Schools (BPS), ki enkli sipèvizyon ak mantora direktè ak chèf etablisman nan dis lekòl K-12 distri a. Nan ane 1998, yo te nome li premye chèf direksyon pou Boston Public Schools yo avan li te vin sirentandan distri a soti 2005 rive 2007. Li t'ap travay nan sektè ak bi-non-likratif pandan uit an avèk Mass Insight Education & Rèchèch, nan divès wol ki genyen pami yo prezidan egzekitif ak konsiltan prensipal teren. An 2018, Commonwealth te nome M. Contompasis kòm administratè pou Boston's Dever Elementary School, yon lekòl redresman nivo 5. Se yon resipyandè pri Sèvis Distenge nan Council of Great City Schools, li te resevwa diplom nan Boston University (B.A., Byoloji); Boston State College (M.Ed., administrasyon); ak Havard University (M.Ed., administrasyon, planifikasyon, ak politik sosyal).

**Koprezidan, Tanisha Sullivan, Prezidan, NAACP Boston Branch ak ansyen BPS Chief Equity Officer**

Avèk plis pase 20 ane eksperyans nan syans lavi ak endistri famasetik, Tanisha M. Sullivan se Avokat Jeneral Asosye pou yon konpayi byoteknoloji premye plan nan Massachusetts, epi nan mwa Oktòb 2020, li te nome PDG Action for Racial Equity Fellow. Avan li t'al jwenn konpayi an, Mm. Sullivan te egzèse bò kote gran antrepriz ak gran sosyete nan Vil Gran Boston ak New York. Angaje nan sèvis piblik yo, soti 2013-2015 Mm. Sullivan kite pratik nan antrepriz la pou okipe yon pòs direksyon politik bò kote Boston Public Schools antan ke Chèf Ekite distri a.

Yon fonksyonè devwe ak dirijan kominotè, Mm Sullivan te akonpli twazyèm manda li a antan ke prezidan NAACP Boston Branch. NAACP a se pi ansyen òganizasyon defans dwa sivik peyi a ki angaje li pou elimine rasis ak diskriminasyon sistemik yo. Nan nivo lokal, sikisal yo rive jere pa volontè yo, ki fè NAACP Boston Branch se youn nan òganizasyon k'ap fonksyone avèk volontè ki pi gwo nan Massachusetts. NAACP Boston Branch se youn nan vwa prensipal kominote a sou kesyon jistis rasyal, ekite ak enklizyon nan edikasyon, opòtinite ekonomik yo, sante, sekirite piblik ak dwa pou vote. Akse sou divès done epi oryante pou jwenn solisyon,

*Memo gwoup travay sou Admisyon nan Lekòl Egzamen (Schools Exam) yo*

*8 Janvyè 2021*

Pj. 3

Mm. Sullivan se yon lidè opinyon ki vrèman respekte ak rechèche sou ekite rasyal, ki kòmante souvan pou prensipal medya yo tankou pami yo: Boston Globe, NPR Boston, GBH, WCVB, NECN, CBS Boston ak FXT25.

Mm. Sullivan te fè yon B.A. nan Administrasyon Piblik nan University of Virginia, yon J.D. nan Boston College Law School ak yon M.B.A nan Boston College Carroll School of Management.

Mm. Sullivan ap syeje nan yon kantite konsèy administrasyon ak komite konsiltatif a-bi-non-likratif tankou nan March of Dimes, Rappaport Center for Law ak Public Policy, GBH Board of Advisors, Massachusetts Governor's Black Advisory Commission, ak Massachusetts Attorney General's Racial Justice Task Force. Pandan pandemi sante piblik KOVID-19 2020 an e an repons ak divès manifestasyon kont rasis sistemik lan, Mm. Sullivan te nome pou syeje nan plizyè gwoup entèkansyon nan eta ak nan vil la, tankou Massachusetts Health Equity Task Force (Gwoup Entèkansyon sou Ekite Sante nan Massachusetts) ak City of Boston Policing Reform Task Force (Gwoup Entèkansyon pou Refòm Polis nan Vil Boston)

Mm. Sullivan te resevwa plizyè distenksyon sivik ak pwofesyonèl prestijye, tankou lis Boston Magazine Power (2019 ak 2020), Boston Business Journal Power 50 (2019), Girl Scouts of Eastern MA Leading Women (2018), MLK Legacy Award (2018), Boston Business Journal 40 Under 40 (2013), ak Next Generation Leadership, NAACP (2011). Yon manm Delta Stigma Theta Sorority, Inc. ak The Links, Inc., Mm. Sullivan ap viv nan katye Hyde Park nan Boston.

Manm ki pwopoze yo nan komite rechèch la se (nan lòd alfabetik):

**Pastor Samuel Acevedo, Koprezidan, Gwoup Entèkansyon sou Lakin nan Kesyon Opòtinite ak Reyisit**

Pastè Acevedo se direktè egzekitif fondatè nan Sant Resous Edikatif ki Pi Wo nan Boston (Higher Education Resource Center, HERC), ki ap ofri ak elèv segondè yo yon anrichisman akademik andeyò-lekòl, konsèy sou karyè, ak yon soutyen pou ede yo fini etid segondè ak fakilte yo. Li se koprezidan Gwoup Entèkansyon pou Lakin nan Opòtinite ak Reyisit Boston School Committee a epi te gentan anvan sa manm komite rechèch sirentandan BPS 2014 yo. Pastor Acevedo ap syeje nan konsèy administrasyon Ten Point Coalition, Boston Trinity Academy, ak Sant Pou Ministè Vil la ak Edikasyon Seminè Teyolojik Gordon-Conwell (Gordon-Conwell Theological Seminary's Center for Urban Ministry and Education, CUME). Li posede yon Degre Lisans nan Stetson University ak yon J.D., cum laude, nan Boston College Law School.

**Acacia Aguirre, paran, John D. O'Bryant School of Math and Science (Lekòl Matematik ak Syans John D. O'Bryant)**

Maria Acacia Aguirre te fèt ak grandi nan Espay, kote li te jwenn MD li epi t'ap travay kòm Asistan pwofesè nan Universidad de Valladolid. Li te demenaje nan Paris, Frans pou fini fòmasyon li nan rechèch. Nan Paris, li t'ap mennen yon rechèch sou rit sikadyen ak regilasyon somèy, ki mennen doktora li nan Newosyans. Nan 1993, li vin enstale li nan Boston epi te vin jwenn CIRCADIAN, yon konpayi konsiltasyon ak rechèch espesyalize nan travay poste. Nan CIRCADIAN, li te jere divès etid rechèch sou tèren ak divès pwojè konsèy nan yon gran varyete operasyon endistriyèl ak transpò, epi te redije divès rapò teknik, divès atik syantifik ak materyèl pedagogik pou travayè poste yo. An 2012, li te chanje karyè epi li te jwenn lisans nan ansèyman. Li ap anseye kounyè a syans nan lekòl elemantè nan BPS. Li genyen yon pitit fi ki nan lekòl O'Bryant.

### **Matt Cregor, Komite Konseye Jiridik nan Sante Mantal, Supreme Judicial Court**

Matt Cregor se yon avoka dwa sivil ki te pase karyè li nan konsantre sou kesyon edikasyon nan Southern Poverty Law Center, NAACP Legal Defense Fund, Avoka pou Dwa Sivil Yo, epi kounyè a nan Komite Konseye Jiridik nan Sante Mantal Nan Supreme Judicial Court. Matt te yon manm gwoup travay sou Kritè Admisyon Lekòl Egzamen 2020 yo epi te okipe menm pòs la nan Boston Public Schools nan ane avan yo. Matt se te otè prensipal *A Broken Mirror (Yon Miwa Kraze): Exam School Admissions Fail to Reflect Boston's Diversity (Admisyon nan Lekòl Egzamen yo Pa Reflete Divèsite Boston yo)*, yon rapò Lawyers for Civil Rights, nan NAACP te fè - Boston Branch, ak yon kowalisyon gwoup dwa sivil Boston yo. Li te fè pati divès gwoup entèvansyon pou Konsèy Gouvènman Eta yo ak Komisyon Jidisyèl Pèmanan Eta New York sou Lajistis pou Timoun yo. Li diplome nan ane 2006 nan Georgetown University Law Center epi te resevwa nan ane 2018 pri John G. Brooks Legal Services Award.

### **Tanya Freeman-Wisdom, Direktris Lekòl, John D. O'Bryant School of Math and Science (Lekòl Matematik ak Syans John D. O'Bryant)**

Rezidan nan Hyde Park, Dr. Freeman-Wisdom te kòmanse karyè li nan BPS antan ke pwofesè atizay anglè nan Hyde Park High School. Li te egalman direktris adjwen lekòl la pandan de (2) ane avan yo te nome li direktris pwogram nan, evalyasyon ak plasman Akademi Kominotè Syans ak Sante (Community Academy of Science and Health, CASH). Nan ane 2009, li vin devni direktris CASH, epi nan Avril 2017, Dr. Freeman-Wisdom te nome direktris pèmanant alma matè li, Lekòl Matematik ak Syans John D. O'Bryant

Etidyan pou lavi, Dr. Freeman-Wisdom te fè doktora li nan pwogram administratè lekòl pwofesyonèl Boston College Lynch School of Education. Li te fè yon metriz nan lidèchip pedagogik Simmons College, kote li te anseye antan ke pwofesè oksilyè, epi genyen yon degre lisans nan University of Massachusetts Amherst.

Dr. Freeman-Wisdom ak mari li, Richard Wisdom, yo se paran ki fyè pou de (2) elèv BPS. Pitit fi yo a, Nya, se yon jèn nan Boston Latin School ak pitit gason yo a, Richard Wisdom Jr., ki te gradye nan Boston Latin Academy nan ane 2017.

### **Katherine Grassa, Direktris, Curley K-8 School**

Katie Grassa nan 8èm ane li kòm direktris nan Curley K-8 School nan Jamaica Plain. L'ap travay pou devlope lidèchip anseyan yo, pou li mete an èv divès pratik enklizif nan tout lekòl la ak pou kreye yon klima pozitif nan lekòl la. Li te konn travay anvan sa kòm yon administratè nan Dever-McCormack K-8 School kote li te konsantre sou inisyativ redrèsman tankou tan aprantisaj pwolonje ak endikatè alèt prekòs. Li te kòmanse karyè anseyan li nan Boston nan Richard J. Murphy K-8 School nan Dorchester kote li te okipe yon pòs responsab anseyan yo. Mm. Grassa te frekante University of Massachusetts Amherst kote li te fè yon lisans nan Edikasyon Elemantè epi te resevwa pri Rekonesans Dwayen pou Lekòl Edikasyon. Li te eksplòre lidèchip nan yon nivo pi laj premyèman avèk yon Metriz nan Edikasyon nan Kourikouloum ak Anseyman avèk yon aksan sou alfabetizasyon nan University Lesley, apre sa antan ke Conant Fellow nan Harvard Graduate School of Education kote li te fè yon Metriz nan Edikasyon nan Lekòl Lidèchip. Mm. Grassa se yon rezidan long dat nan Dorchester epi gradye nan Boston Public Schools.

### **Zena Lum, paran, Boston Latin Academy**

Zena Lum se direktris egzekitif nan Boston Latin Academy Assosiation, òganizasyon endepandan a-bi-non-likratif ki ap chache soutni Boston Latin Academy (BLA). Anplis, yo kenbe li antan ke Direktris Prensipal Divèsite, Ekite, ak Enklizyon nan Lindauer Global, yon sosyete rekritman kad ki konsantre l sou sektè a-bi-non-likratif ak ki akse sou misyon.

Avèk plis pase 25 ane konsakre ak òganizasyon ki akse sou misyon yo, Mm. Lum te dirèkteman leve plizyè dizèn milyon dola pou òganizasyon premye plan yo nan Boston tankou WGBH, Jumpstart for Young Children, New England Aquarium ak Boston Public Schools. Depi lè li te vin jwenn Lindauer depi plis pase 9 ane, li te plase divès lidè devlopman nan tout peyi a ak nan sektè ki te ramase respektivman plizyè santèn milyon lòt pou fè pwogrese edikasyon, atistik, swen sante, jistis sosyal ak anviwónmantal.

Mm. Lum se manman yon etidyan nan dezyèm ane BLA epi ki ap viv nan South End avèk fanmi li. Li genyen yon degre lisans nan Administrasyon Antrepriz nan Georgetown University.

### **Danyael Morales, elèv, Boston Latin Academy**

Danyaël Morales se yon elèv BPS nan Boston Latin Academy. Li aktyèlman yon etidyan nan premye ane epi ki rezide nan zòn Hyde Park. M. Morales aktyèlman vin jwenn Konsèy Konsiltatif Etidyan Boston yo (Boston Student Advisory Council, BSAC). Li aktyèlman fè pati Ekip Konsepsyon Etidyan nan Biwo Ekite ak Estrateji BPS epi ap syeje kòm youn nan reprezantan BSAC nan Komite Òganizasyon Massachusetts Educational Justice Alliance. M. Morales vize ede koz la vè yon sistèm lekòl piblik pi ekitab ak ki pote plis fwi e k'ap kontinye idantifye disparite sistemik ak pou ale devan pou jwenn yon solisyon. Anplis de pasyon li pou asire lajistis nan edikasyon, M. Morales egalman renmen danse, ekri, ak jwe mizik.

### **Zoe Nagasawa, elèv, Boston Latin School**

Zoe Nagasawa se yon senyò nan Boston Latin School ak yon rezidan pèmanan nan Dorchester. Li te ko-ekri yon rapò sou lekòl egzamen Boston yo avèk Center for Collaborative Education nan lete pase, pou rekòmande divès chanjman alafwa nan pwosesis admisyon an ak nan kilti lekòl la. Ms. Nagasawa egalman enplike avèk BLS YouthCAN ak MA Youth Climate Coalition, epi li pasyone pa entèseksyon anviwónmantalis ak jistis sosyal la. Li se yon manm ki renmen bay plezi nan BLS Gospel Choir.

### **Rachel Skerritt, Direktris Lekòl Boston Latin School**

Nominasyon Rachel Skerritt nan ane 2017 antan ke 28èm Direktris Boston Latin School (BLS), te make yon retou nan lekòl kote li te jwenn diplom etid segondè li nan ane 1995. Li te kòmanse karyè li nan alma matè nan 1999, kote li t'ap anseye Literati anglè pandan sèt ane. Mm. Skerritt te asime direksyon BLS la aprè l te fèk okipe pòs Chèf Adjwen Devlopman Lidèchip pou Columbia Public Schools (DCPS) ki nan Distri a, pou ede direktè ak aspiran administratè yo nan aprantisaj pwofesyonèl yo. Avan sa, li te dirije avèk siksè youn nan lekòl redrèsman distri a, Eastern Senior High School, pandan senk ane. Pandan tan sa, Eastern te pote to diplom li nan nivo ki pi wo a nan istwa lekòl la epi te ajoute pwogram Bakaloreya Entènasyonal nan òf kou li yo. Avan li te demenaje nan Washington, DC, Mm. Skerritt te Chèf Kabinè pou Boston Public Schools, nan sipòte Sirentandan Carol Johnson. Premye eksperyans li kòm youn direktis lekòl se te nan Another Course to College.

Dorijin Dorchester ak atyèlman rezidan nan Roslindale, Mm. Skerritt posede yon degre lisans nan anglè ak yon degre Metriz nan Edikasyon Segondè nan University of Pennsylvania, yon Degre Metriz nan Administrasyon Edikatif nan University of Massachusetts Boston, ak yon Degre Metriz nan Lidèchip nan McDonough School of Business nan Georgetown University.

### **Rosann Tung, Chèchè Endepandan**

Rosann Tung se pitit fi imigran ki soti an Chin ak ki manman yon diplome BPS 2019 ki te frekante senk lekòl BPS.

Li te Direktè Politik, Rechèch, ak Evalyasyon nan Metro Center nan New York University. Dèske li te gide pa tewori kritik rasyal, li t'ap dirije yon ekip rechèch anti-rasis ak feminis ki finanse pa gouvènman federal la, eta ak fondasyon yo. Misyon ekip la se te enfòm refòm nan nan nivo distri a ak òganizasyon kominotè yo, epi anplifye vwa elèv yo, fanmi yo, ak kominote ki istorikman majinalize yo pa inegalite sistemik yo.

Tung te Direktris fondatris Rechèch ak Politik nan Annenberg Institute pou Refòm Lekòl nan Brown University ak Direktris fondatris Rechèch ak Evalyasyon nan Sant pou Edikasyon Kolaboratif (Center for Collaborative Education, CCE) nan Boston. Nan wol sa yo, li te fè divès etid pou eklere politik ti lekòl otonòm yo, edikasyon aprenan anglè yo, modèl enskripsyon ak rezilta nan distri a, ak òganizasyon kominotè pou edikasyon pou lajistis nan edikasyon. Li te otè prensipal *Promising Practices*, *Unfinished Business* ak *Learning From Consistently High Performing and Improving for Ells* epi ko-otè prensipal yon chapit nan *Forbidden Language: English Learners and Restrictive Language Policies (Aprenan Anglè ak Politik Restriksyon Langaj)*.

Tung ap syeje aktyèlman nan Gwoup Entèvansyon sou Aprenan Anglè BPS ak nan konsèy administrasyon nan TERC. Li te pran yon BA nan Cornell University ak yon doktora nan Havard University.

### **Tamara Waite, paran, Philbrick Elementary School**

Tamara Waite posede yon diplom Asosye nan Finans ak Kontabilite nan Bunker Hill Community College. Li te okipe yon pòs kòm Komi nan Kont an Chèf Divizyon Prestasyon Sante ak Asirans nan Meri Boston pandan prèske senk an. Nan pozisyon li, li asiste anviwon 18,000 anplwaye aktif ak 12,000 retirete nan kesyon asirans maladi ak asirans vi. Anplwaye sa yo genyen ladan yo manm Polis Boston, Ponpye Boston, ak Boston Public Schools pou site sa yo sèlman. L'ap asiste tou yon kantite anplwaye ki bezwen sèvis avèk asistans prim MassHealth, yon pwogram eta finanse. Avan li te travay pou Vil la, li t'ap travay kòm yon asistan medikal pou Brigham & Women's Hospital.

Mm. Waite se yon paran ki fyè pou de (2) elèv nan Boston Public School nan 3èm ak 5èm ane nan lekòl Elemantè John D. Philbrick nan Roslindale.

Anfen, redevans pwopoze a se swivan:

*Memo gwoup travay sou Admisyon nan Lekòl Egzamen (School Exam) yo*

*13 Janvye 2021*

*Pj. 2*

Sou baz travay ki lanse pa Gwoup Travay sou Kritè Admisyon nan Egzamen Lekòl Sirentandan, Gwoup Entèkansyon sou Admisyon nan Lekòl Egzamen Boston School Committee a pral devlope yon ansanm rekòmandasyon pou politik admisyon yo pou egzamen lekòl Boston Public Schools yo. Rezilta ki swete a se elaji basen kandida yo epi kreye yon pwosesis admisyon ki ap soutni enskripsyon elèv yo nan chak lekòl egzamen yon jan pou yo kenbe rigè epi pou kò elèv yo reflekte pi byen divèsite rasyal, sosyo-ekonomik ak jewografik tout etidyan yo (K-12) nan vil Boston. Gwoup Entèkansyon an pral konsidere itilizasyon nouvel evalyasyon NWEA ak divès lòt faktè, epi pral benefisye divès ansèyman ki soti nan yon egzamen konplè mizannèv kritè admisyon SY 21-22 yo, konsa tou yon revizyon apwofondi divès pratik nan lòt distri yo.

Li swete pou Gwoup Entèkansyon an fè yon rapò pou Komite Lekòl Boston an 26 Me 2021. Sa pral pèmèt Komite a egzamine rekòmandasyon yo, pou fè divès kòmantè ak pran divès mezi avan kòmansman SY2021-22 ak pwochenn sikl admisyon yo.

Pou konkli, m'ap remèsye sensèman manm pwopoze gwoup travay la pou volonte yo genyen pou patisipe nan efò kritik elajisman divès posibilite ekselans ak ekite sa pou elèv yo. Mwen pa ka tann pou diskite kesyon sa avèk ou epi genyen yon diskisyon rich nan moman reyinyon 13 Janvye nou an, ki ap swiv pa yon vòt 27 Janvye.